République du Sénégal
Ministère de l'Education nationale

# Wolof

# Tànk-ndànk

Jéego 2 Téere 4

Édition 2018
Réimpression 2020

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Li téere bi ëmb

Juboo ca Ndumbelaan. .............................................................. 4

Bernde bi ........................................................................................ 12

Sanqaleñ yi ak seen dogitu mburu ............................................. 20

Natt ba ca ekool ........................................................................... 28

Ndimbali dëkkandoo ................................................................... 36

# Juboo ca Ndumbelaan



Tey, rabi Ndumbelaan dañu daje
di waxtaan.
Dañoo jaaxle ci seen ñàkk a juboo.



Nijaay Gaynde sol màntoom toog,
ubbi ndaje ma.
Dañuy seet lu tax juboo amul
ci Ndumbelaan.



Kéwel ne, na jasig bàyyee màtt
ñiy naansi.
Ndoxu déeg mi, ñépp a ko bokk.



Bànjóoli ne Bukki dafay tuur mbalit
ci buntu këram.
Waa këram yépp dañoo feebar ndax
tilim jooju.




Mbonaat ne Njamala ak Lëg ñoo koy sàcc.
Kenn warul a jël lu mu moomul te tàggoowul.



Mbaam-àll ne Ñey a yàq
toolu mboqam.
Ren, sàqi këram, dara ci lekk nekku ci.




Segg ne du nelaw guddi ndax
coowal Baaxoñ.
Fu mu tollu, boppam dafay metti.




Ku nekk wax li ko naqari.
Nijaay Gaynde jëlaat kàddu,
ñépp di ko déglu.
Mu ne : « Muñalleen te yërëm
seen i moroom. »

# Bernde bi



Baay Soccet jënd na am xar.
Soccet bu ndaw gis Xar, mu neex ko.
Xar ak Soccet bu ndaw
xaritoo nañu.



Baay Soccet bëgg na berndeel
xaritam Picc Ramatu.
Xar la bëgg a toggal xaritam.
Soccet bu ndaw ñëw na ci xar mi.



Mu yolomal buum gi, Xar rëcc.
Xar daw na, dugg ca àll ba.
Xar a ngi bajantu, mel ne mbote.



Yaay Soccet taal furno bi,
di xolli soble.
Mu marine, def bineegar ak safal.
Mu ngi dem ak a ñëw.



Picc Ramatu fëgg na bunt bi.
Soccet ubbil na xaritam Ramatu.
Mu ne ko : « Ramatu ñëwal jàppale ma xar mi. »



Baay Soccet ubbi mbaar mi,
gisul dara.
Mu yuuxu ne : « Fu sama xar
jaar ? »
Fu nekk, Baay Soccet dugg fa di seet.



Mu génn ci biti, wër, gisul dara.
Mu toog jaaxle.
Yaay Soccet génne boolu marine bi tegal leen.



Baay Soccet ne Yaay Socet : « Xar laa soxla. »
Piccu Ramatu moom tàmbalee naan soos bi.
Soccet bu ndaw làqu, di tëb, di fecc.

# Sanqaleñ yi ak seen dogitu mburu



Sanqaleñ yi dañu gis
aw dogitu mburu.
Waaye dogit wi dafa ngànde lool.



Dogit wi xajul ci buntu këru sanqaleñ yi.
Sita, caatu sanqaleñ yi, tàmbali di jooy.
Masi, taawu sanqaleñ yi, jaaxle.



Mu ne mbokk yi na ñépp ñëw.
Ñépp daldi dikk ci lu gaaw wuyusi ko.




Mu ne leen : « Kaayleen xéewlu.
Na ci ku nekk lekk tuuti.
Dina wàññeeku ba xaj ci buntu
pax mi. »




Ñuy lekk cuqum-coqom, copp-copp.
Naan : « Hee mburu mee neex ! »



Sanqaleñ yi suur, daldi taxaw.
Masi ne : « Nanu diri mburu mi dugal ko. »



Masi, taawu sanqaleñ yi,
ne leen jërëjëf.
Tey moom dinanu am reer bu neex.



Sita daldi bég, mu ree ba bëtam suulu.
Déggoo mooy tax mbooloo
am li mu bëgg.

# Natt ba ca ekool



Danoo am ab natt ci sunu kalaas.
Ñépp bokk ci, ba mu des ñaari elew.
Ku ne wax na ak ñoom, ñu bañ.



Àjjuma ju ne, danuy natt fukki dërëm.
Mbeen ak Soseef ñooy dajale
natt yi, denc.
Fanweeri fan yu ne nu daje,
ñaar teggi.



Ku yeex a joxe sa natt, fay daan.
Ci juroomi dërëm lanu déggoo.
Bariwul ñu am daan ci nattu kalaas bi.



Ku teggi dina am xaalis ndax
fanweer lanu.
Dinga mën a jënd lu la neex.
Awa moom, yaayam la dénk
xaalisam.



Nu natt  ba ekool di bëgg a tëj.
Bés, ñi bokkul woon am ay jafe-jafe.
Nu daje, waxtaan ba juboo ci
dimbali leen.



Noona, nu tànn ñaar ci nun,
yonni leen.
Soseef moo dem ci elew bu jigeen bi.
Mbeen a dem ci elew bu góor bi.




Ba ñu jotee xaalis ba, dañoo waaru.
Ekool ubbiwaat, ñu bokksi ci natt bi.
Leegi, sunu waa kalaas yépp,
dañoo juboo.



Elewi beneen kalaas sax sos nañu
seen natt.
Sunu kalaas royukaay la ci ekool bi.
Direktëer dajale kalaas yépp,
jox nu lijaasa déggoo.

# Ndimbali dëkkandoo



Kër ñoom Ablaay moo amoon
lakk gu metti.
Ci ab néeg la safara sa doore.
Xali andu cuuraay ñoo jafal rido ba.



Waa koñ ba gaawtu nañu,
ñëw indi ndox.
Ñu dawsi xëpp ko ci tàkk-tàkk la.
Lakk ga fayul, tàkk-tàkk la di yokku.



Nit ña jéemaat yeneen i pexe.
Waaye, menn fayu ci lakk ga.
Ñu ne, nanu woo faykatu lakk yi.



Yàggul dara, yuuxiy woto faykatu lakk ya jib.
Wànte, mbeddi koñ ba dañoo xat lool.
Woto faykatu lakk ya xajul ca menn mbedd.



Faykati lakk ya boot seen i biteel, waaxu.
Juroom ya ñëwoon ànd tàmbali seen liggeey.
Dañu seet, fay wépp xal wu fa desoon.



Ci këru baraag la ñoom Ablaay dëkkoon.
Bant yépp a tàkk ba def dóom.
Yére, dund ak ndab, lépp a yàqu.



Kenn amatul loo sol walla loo lekk.
Waakër ga am lool naqar
ak njàqare.
Waaye nag, kenn ñàkku ca
bakkanam.



Jigeeni koñ ba ak góor ña dañoo baax.
Moo waral ñu indil ndimbal
waa kër Ablaay.
Tàmbali nañu sax di leen tabaxal ab
dëkkuwaay.